

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Indonésia téh beunghar ku sékésélér bangsa. Tina éta kabeungharan tangtu miboga rinéka kabudayaan anu unik jeunghas tur diwariskeun sacara turun-tumurun. Kabudayaan dina unggal masarakat mekar luyu jeung kamekaran jaman, kaayaan lingkungan katut masarakatna. Masarakat nu hiji jeung masarakat nu séjénna tangtu miboga kabudayaan nu béda-béda sakumaha nu kaungsel dina babasan “ciri sabumi cara sadésa”, nu hartina yén sanajan tunggal sabudaya unggal daérah/wewengkon tetep miboga ciri hasna. Éta kabudayaan nu béda-béda téh kapanggih tina basana, kapercayaan, pangaweruh, pakasaban, téknologi jeung kasenianna.(Koentjaraningrat,2015, kc. 163).

Kabudayaan Sunda mangrupa adumanis antara pangaruh kabudayaan asli, kabudayaan Hindu, jeung Budha nu ngalaman parobahan alatan ayana pangaruh tina kabudayaan séjénna saperti Islam jeung pangaruh ti Kulon. Dina ayana parobahan jeung kamekaran, robah ogé kalungguhan budayana nu engkéna jadi sinkrétisme. Kaayaan kabudayaan kiwari geus mimiti kurang diaprésiasi ku masarakat, utamana mah ku generasi ngora nu leuwih ngarasa kairut kana budaya deungeun. Salasahiji wujud kabudayaan nu geus mimiti kurang diaprésiasi nyaéta kagiatan upacara adat. Éta hal katitén nalika dina tatahar prak-prakan upacara adat merlawu téh ukur kolot-kolot nu ilubiung, teu loba rumaja nu milu gawébareng.

Upacara adat mangrupa salasahiji unsur nu ngawangun kabudayaan nu kiwari mémang masih kénéh bisa kapanggih di lingkungan sabudeureun masarakat, utamana nu masih kénéh ngaraksa jeung ngariksa kana budaya karuhunna. Dilaksanakeunana upacara adat minangka cicirén yén di éta masarakat nu ngalaksanakeun téh masih kénéh aya kareteg pikeun tetep ngajaga jati dirina. Dina *Kamus Basa Sunda* (R. A. Danadibrata, 2015, kc. 729), upacara nyaéta ngalaksanakeun kabiasaan, palaturan; kadieunakeun sok dihartikeun prak-prakan

dina riungan atawa gempungan maké aturan tanda pangormat; aya nu nyebut saperti ngubur pahlawan, ngistrénan pangagung, ngalungsur bintang tanda jasa jll.; kaasup ngistrénan. Sedengkeun kecap adat dina *Kamus Basa Sunda* (R. A. Danadibrata, 2015, kc. 4), nyaéta tina basa Arab nu hartina kabiasaan, taliparanti, kasopanan anu geus turun-tumurun; W. Zeden.

Tina éta définisi dicindekkeun yén upacara adat téh nyaéta hiji kabiasaan anu mangrupa prak-prakan dina riungan atawa gempungan nu di jerona maké aturan tanda panghormat, pangistrénan, pangagung anu jadi kabiasaan atawa taliparanti nu dilaksanakeun sacara turun-tumurun ku masarakat di hiji wewengkon. Éta tanda panghormat atawa pangajén pangagung téh bisa diajangkeun Ka Allah swt. atawa ka nu jadi karuhun atawa nu diajén jeung dipihormat di éta wewengkon. Salalahiji upacara adat nu masih maneuh dilaksanakeun, nyaéta upacara adat merlawu di Désa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupatén Ciamis. Ieu upacara adat merlawutéh jadi salalahiji kabeungharan budaya Sunda nu dilaksanakeunana lain ukur di Wanasigra, tapi dilaksanakeun ogé di Gunung Susuru.

Ari tujuan dilaksanakeun upacara adat merlawu nyaéta nu utama pikeun tetep ngaraksa jeung ngariksa budaya titinggal karuhun di Désa Wanasigra, sangkan generasi ngora teu poékeun obor ka karuhunna. Sedengkeun fungsi tina dilaksanakeunana upacara adat merlawu nyaéta sangkan mageuhkeun ajén spiritual di masarakat. Hartina dina dilaksanakeunana ieu upacara adat merlawu, masarakat bakal miboga ajén spiritual ku cara ngadu'a ka Allah atawa ogé tawasulan di kabuyutan salaku makam karuhun masarakat Wanasigra. Fungsi séjénna, sangkan numuwuhkeun ajén sosial. Hartina dina dilaksanakeunana upacara adatmerlawuieu téh mageuhkeun ajén sosial nu aya di masarakat, ku ayana gawé bareng ti waktu tataharna nepi ka prak-prakanana nu dilakukeun babarengan ku masakat Wanasigra. Lian ti gawé bareng, ajén sosial nu nyampak dina ieu upacara adat nyaéta nalika prak-prakan dilaksanakeun acara teh leuwih ramé batan lebaran, lantaran sakumna masarakat Wanasigra aya di hiji patempatan, nyaéta di kabuyutan Gandoang.

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar data nu aya, upacara adat merlawu téh geus ti baheula dilaksanakeunana sacara turun-tumurun. Waktu dilaksanakeunana saban bulan Mulud. Baheula mah upacara adat merlawu dilaksanakeun sacara rerecepnan, hartina ukur turunanana atawa jalma-jalma nu aya patula-patali jeung éta acara, saperti nu mémang miboga pakakas atawa pusaka nu rék diruwat. Upacara adat merlawu téh nyaéta hiji upacara adat nu dilaksanakeun dina tiluprosési. Prosési kahiji, dilaksanakeunana acara ngaganti pager kabuyutan Gandoang, anu disebut ngarangké. Kabuyutan Gandoang téh mangrupa hiji kabuyutan nu aya di Désa Wanasigra nu di jerona aya sababaraha makam, salasahijina makan Syéh Padamatang. Nurutkeun sababaraha masarakat Wanasigra, Syéh Padamatang téh nu ngabukbak leuweung jadi babakan. Prosési kadua, acara ngaberesihan pusaka anu dilaksanakeun di imah Kuncén. Dina acara ngaberesihan pusaka ieu aya sababaraha pusaka utama nu diberesihan minangka pusaka kabuyutan Gandoang saperti sababaraha tumbak jeung kujang. Lian ti ngaberesihan pusaka kabuyutan, masarakat nu miboga pusaka ogé bisa nitipkeun pusakana sangkan milu diberesihan dina éta acara. Nu katilu, nyaéta pincer acara merlawu nu dilaksanakeunana di Kabuyutan Gandoang dina waktu sapoé sabada dilaksanakeunana ngarangké jeung meresihan pusaka.

Upacara adat merlawu téh dina enas-enasna mah teu jauh béda jeung upacara adat séjén nu dilaksanakeun di sababaraha wewengkon Sunda, hususna wewengkon Ciamis saperti Nyangku di Panjalu, Tayuban di Singgugu, Nyiar Lumar di Kawali jeung upacara adat séjénna. Tapi aya nu ngabédakeun upacara adat merlawu ieu nyaéta ayana sababaraha hal pangaruh ti adat Cirebonan.

Aya pangaruh ti adat Cirebon téh katitén tina waktu dilaksanakeunana upacara adat merlawunu matok kana waktu dilaksanakeunana upacara adat panjang jimat di Kacirebonan. Upacara adat merlawu dilaksanakeun dina minggu sabada upacara adat panjang jimat dilaksanakeun, nyaéta antara dina poé Kamis jeung Jumaah. Lian ti éta hal séjén nu katitén tina aya pangaruh ti adat Cirebon nyaéta dina kadaharan nu aya di Wanasigra, bekasman nu aya ogé di Cirebon. Di Cirebon, bekasman mangrupa kadaharan nu dijieun tina lauk nu diawétkeun

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu*

atawa dikekeb dina wadah nu istilahna diferméntasikeun. Numutkeun carita sababaraha masarakat Wanasigra, bekasman ogé aya di Wanasigra téh najan geus langka nu nyieunna. Nu dijieun bekasman téh lauk balar, lauk nu aya di walungan Citanduy. Kadaharan séjén nu aya sasaruanna nyaéta, gulampo. Gulampo mangrupa kadaharan tina béas ketan nu dijieun peuyeum, tuluy sabada jadi peuyeum digodog ku gula kawung. Gulampo aya sasaruanna jeung peuyeum ketan nu ilaharna loba di wewengkon jajalan ka Cirebon saperti Kuningan.

Dilaksanakeunana upacara adat merlawu sacara rerencepan téh saenyana mah lantaran ayana pangajén ti masarakat di lembur séjén nu nyebutkeun yén upacara adat merlawu téh bisa jadi méngkolkeun akidah, atawa migusti ka salian Allah swt. Nu matak, sangkan ieu upacara adat tetep lumangsung jeung teu leungit, dilaksanakeunana ku cara saperti kitu (wawancara jeung Pa Kuncén Lili, tanggal 9 Désémber 2016).

Aprésiasi masarakat kana upacara adat merlawu téh masih kawilang luhur. Ieu katitén tina saban dilaksanakeunana upacara adat merlawu téh pasti masarakat ilubiung ti mimiti tatahar, prak-prakanana nepi ka lekasana. Ku ayana pangrojong ti masarakat sarupa kieu, ahirna pihak-pihak nu aya patula-patali dina upacara adat merlawu ieu miboga gagasan anyar, nyaéta sangkan éta upacara adat bisa dilaksanakeun kalayan terang-terangan jeung disaluyuan ku pihak-pihak nu kungsi nolak. Lain hal nu gampang ngayakinkeun masarakat luar sangkan bisa maham kana ma'na dilaksanakeunana ieu upacara adat téh. Salian ti masarakat, sababaraha urang ti pihak Désa jeung MUI Ciamis mémang nolak ayana ieu upacara adat teh. Lajuning waktu, pihak Désa jeung MUI sapuk dilaksanakeun upacara adat merlawu ku sarat ti pihak MUI nu niténan kana lumangsungna éta acara sangkan teu jadi salah paniatan tina mupusti budaya kana migusti banda (wawancara jeung Pa Lurah Nono, tanggal 10 Désémber 2016).

Sanajan upacara adat merlawugeus dilaksanakeun ku cara terang-terangan, saenyana mah masih loba kénéh masarakat sabudeureun Ciamis nu can apal kana ayana upacara adat merlawudi Désa Wanasigra téh. Ieu kusabab memang dina dilaksanakeunana upacara adat merlawu, can loba média nu apal béwarana ogé

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu*

can sumebar sacara lega. Upacara adat Merlawu teu saukur hiji upacara adat nu dilaksanakeun dina waktu nu tangtu. Pikeun urang Wanasigra mah upacara adat merlawu téh dianggap sarua jeung Lebaran. Lantaran dina poé dilaksanakeunana upacara adat merlawu téh sakabéh masarakat Wanasigra datang ka kabuyutan Gandoang pikeun nyakséni prosési ngarangké nu tuluy dilaksanakeun tawasulan di kabuyutan. Pungkasna éta acara ditutup nu botram balakécrakan salembur Wanasigra di hareupeun gerbang asup kabuyutan Gandoang dina waktu isukna sabada dilaksanakeun nagrangké jeung meresihan pusaka.

Pangajaran basa Sunda di sakola nu ngawengku opat kaparigelan basa bisa dijadikeun tarékah pikeun ngawanohkeun upacara adat merlawu di Désa Wanasigra ieu hususna keur siswa kelas XI SMA. Patali jeung éta hal, ajén-inajén naon waé nu nyampak dina upacara adat Merlawu nu bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di sakola, salasihijina dina kaparigelan maca bahasan budaya. Lian ti ngawanohkeun ieu upacara adat, dipiharep ku ayana panalungtikan nu dilaksanakeun di Kampung Cipeucang Désa Wanasigra ieu bisa ngarobah anggapan jeung sikep para rumaja kana kaayaan nu leuwih hadé sarta miboga kahayang pikeun ngamumulé acara budaya.

Nurutkeun Pa Kuncén Lili, can aya nu kungsi nalungtik upacara adat merlawu. Sainget anjeunna, harita waktu kuncénna masih kénéh ku uyut jeung akina ogé can kungsi aya nu nalungtik upacara adat merlawu. Panalungtik ngotéktak di sababaraha pabukon can kungsi manggihan hasil kajian ngeunaan upacara adat Merlawu dina wangun skripsi jeung karya ilmiah séjénna. Sedengkeun panalungtikan ngeunaan ajén-inajén budaya anu dijadikeun tatapakan panalungtikan téh lolobana ajén-inajén dina kasenian, lain upacara adat, diantarana:

- 1) “Ajén Budaya Sunda dina Kasenian Gaok di Désa Kulur Kabupatén Majaléngka pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”, ku Ida Aridah taun 2013;

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu*

- 2) “Ajén Budaya dina Kasenian Dur Ong di Desa Cikalong Kecamatan Cikalong Wétan Kabupaten Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran di SMA kelas XII”, ku Novianty Desita taun 2015;
- 3) “Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMP Kelas IX”, ku Novi Rosdiani taun 2013;
- 4) “Ajén Budaya dina Kasenian Badogar di Desa Margalaksana Kecamatan Cilawu Kabupaten Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XI”, ku Ginanjar Muhamad Sukamdani taun 2014;
- 5) “Simbol Budaya nu Nyampak dina Tradisi Sambel Séréh Sabada Ngalahirkeun di Kampung Cikoneng Langkob Desa Alam Endah Kecamatan Rancabali Kabupaten Bandung”, ku Fany Oktavia taun 2010;
- 6) “Ulukan Struktur jeung Sémiotik dina Upacara Adat Kawin Cai di Balong Dalem Desa Babakan Mulya Kecamatan Jalaksana Kabupaten Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XI”, ku Fatimah Nur Fauziyyah taun 2015;
- 7) “Simbol-simbol Budaya nu Nyampak dina Kasenian Cingcowong di Desa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan pikeun Pangajaran Maca Bahasan di SMA”, ku Ikin Sodikin taun 2013;
- 8) “Ajén Budaya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupaten Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca SMA Kelas XII (Ulukan Semiotik)”, ku Deti Choerunnisa taun 2016.

Sangkan mikanyaho upacara adat Merlawu katut ajén-inajén nu nyangkaruk di jerona, perlu diayakeun panalungtikan nu tujuanana maluruh ngeunaan ajén budaya dina upacara adat Merlawu nu aya di Kampung Cipeucang Desa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupaten Ciamis. Umumna keur kabéh masarakat, hususna siswa SMA nu can mikawanoh jeung mikaweruh ngeunaan upacara adat Merlawu. Dumasar kana kasangtukang nu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Budaya dina Adat Merlawu di Désa Wanasigra

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH KABUPATEN CIAMIS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kecamatan Sindangkasih Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan Budaya Sunda Kelas XI SMA”

1.2 Rumusan Masalah

Nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha asal-usul upacara adat merlawu?
- 2) Naon waé nu ditataharkeun katut prak-prakan dilaksanakeun adat merlawu di Kampung Cipeucang Désa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupatén Ciamis?
- 3) Ajén budaya naon waé nu nyangkaruk dina upacara adat merlawu di Kampung Cipeucang Désa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupatén Ciamis?
- 4) Kumaha déskripsi adat merlawu di Kampung Cipeucang Désa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupatén Ciamis dina wangun bahasan budaya Sunda di kelas XI SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, sakumaha nu ditétélakeun di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun ajén budaya anu nyangkaruk dina prak-prakan upacara adat merlawu, anu satuluyna bisa jadi bahan pangajaran di sakola tur informasi ka masarakat pikeun numuwuhkeun rasa mikacinta, kareueus, rasa hayang ngaraksa jeung ngariksa kana ieu adat budaya.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) asal-usul upacara adat merlawu;
- 2) hal-hal anu ditataharkeun katut prak-prakan adat merlawu;

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH KABUPATEN CIAMIS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) ajén budaya katut mangpaat jeung tujuan nu nyangkaruk dina adat merlawu; sarta
- 4) déskripsi ngeunaan upacara adat merlawu nu dilarapkeun dina bahan pangajaran maca bahasa budaya di kelas XI SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh kabagi jadi opat, nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu sarta aksi sosial. Anapon éta mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis jeung mangpaat isu sarta aksi sosial diantarana.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh jeung aprésiasi ngeunaan budaya Sunda dina upacara adat merlawu di Désa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupatén Ciamis, hususna dina pangajaran basa Sunda pikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya di kelas XI SMA.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Salian ti mangpaat téoritis nu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat kawijakan nyaéta pikeun panggeuing pamaréntah hususna pihak DISPARBUD kabupatén Ciamis sangkan leuwih ngarojong jeung ngajénan tur bisa ngajadikeun upacara adat Merlawu agénda nu maneuh unggal taun sarta bisa jadi asét budaya nu miboga ajén nu luhung.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan adat budaya nu aya disabudeureunana, nambahan pangaweruh dina widang budaya Sunda,

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH
KABUPATEN CIAMIS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda hususna upacara adat merlawu;

- 2) pikeun masarakat, panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh budaya, numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda, sarta jadi panggeuing sangkan leuwih ngaronjatkeun karesepna kana budaya Sunda tur bisa ngaraksa jeung ngariksa kabudayaan Sunda hususna upacara adat merlawusangkan éta acara teu musnah;
- 3) pikeun guru, bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun bahan pangajaran, ku cara ngalarapkeun ajén budaya dina upacara adat merlawujadi bahan pangajaran.
- 4) pikeun siswa, bisa mikawanoh adat budaya nu aya disabudeureunana jeung maham kana ajén nu aya dina kabudayaan, naon jeung kumaha kabudayaan Sunda hususna budaya upacara adat merlawu.

1.4.4 Mangpaat Isu sarta Aksi Sosial

Mangpaat isu sarta aksi sosial tina ieu panalungtikan nyaéta bisa méré informasi ngeunaan upacara adat merlawuka masarakat sangkan éta upacara adat teu musnah atawa kapopohokeun, ogé sangkan jadi asét budaya nu luhung.

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Sistematika nyusun ieu skripsi kabagi kana lima Bab jeung sababaraha sub bagian, susunanna sakumaha ditétélakeun di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku: kasangtukung masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung sistematika nyusun skripsi.

Bab II Ulikan Tiori, eusina mangrupa kajian pustaka ngeunaan hal-hal nu aya patalina jeung upacara adat merlawudi Desa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupatén Ciamis, saperti konsép kabudayaan, konsép ajén budaya, upacara adat, pangajaran maca, jeung konsép bahan ajar.

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab III Méthode Panalungtikan, ngawengku: gambaran umum lokasi panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran.

Bab V Kacindekan jeung Saran.